


BONDYE SE ENTÈPRÈT

PWÒP TÈT LI

 Papa nou ki nan Syèl la, yon Pawòl Ou ap vle di plis ke tout sa lòm a nenpòt moman an te kapab fè ou di, paske moun ap tann pou wè W. E nou di W mèsì paske gen sila yo ki an atant, yo atann yo ke yon bagay pral rive. E kan moun yo swaf pou yon bagay, se pwofondè kap rele Pwofondè, konsa dwe gen yon Pwofondè pou reponn apèl sa. Se poutèt sa ke nou isi a aswè a, se paske minis sa yo, ak moun yo, te gen sou kè yo, pou rele nou ansanm pou mande W favè ak benediksyon, pandan nou kwè ke Ou va geri malad epi sove pèdi yo, e ke Pawòl Ou a pral manifeste.

² E nou priye, Papa nan Syèl la, ke W va fè sa pou nou pandan ke n ap tann Ou an tout imilite, nwit aprè nwit. Ke kapab genyen yon—yon tèl devèsman Sentespri, e ke chak moun pa wè ankenn lòt bagay ki anvionnen yo sòf Bondye. Ke kapab gen yon tèl gwò kriye rele pami moun yo, ki swaf Bondye, jiskaske va gen yon revèy toupatou nan peyi isi a e ke chak legliz va ranpli ap krake ak moun, kote pechè ap rele fò pou Bondye fè yo mizèrikòd, epi—epi ke Sentespri a geri malad yo, pou fè moun kap bwete mache, ak resisite mò, epitou bannou bagay sa yo ki te pwomèt nan Pawòl Ou a.

³ Vini, Seyè Jezi, e kenbe pwomès Ou. Vin jwenn nou aswè a. Nou kwè ke Ou se menm nan ayè, jodi a, e poutoutan, ke pwomès Ou yo pakab fayi. Syèl la ak tè a toulède va fayi men Pawòl Ou pap fayi. Ke konpreyansyon nou louvri. Ke Sentespri a vini pou blayi teren defriche a. Ke konpreyansyon nou louvri pou Espri ak pwisans Bondye aswè a, konsa Li va kapab manifeste Pawòl ke Li te pwomèt yo atravè nou. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

⁴ Bon, aswè a, ou menm kap chache vèsè a, annou pran Bib la nan Liv De Pyè, e annou kòmanse avèk vèsè 15 nan, jis yon fason pou nou pale sou Lekriti pou yon ti moman.

Men, m ap fè tout posib mwen pou nou pa janm bliye bagay sa yo lè m fin ale.

Paske, lè m t ap fè nou konnen jan Jezikri, Seyè nou an, te vini avèk pouvwa li se pat istwa moun envante nan tèt yo mwen t ap rakonte nou. Men, se paske mwen menm, mwen te wè Seyè a nan tout pouvwa li ak je pa mwen.

⁵ Mwen renmen sa: “temwen.” Pa istwa moun envante. Nou se temwen sa n ap pale a.

Mwen te la lè Bondye papa a te ba li respè ak lwanj, lè nan mitan tout pouwva a, vwa Bondye te pale, li di konsa: Ou se Pitit mwen renmen anpil la, ou fè kè m kontan anpil.

Nou te tandè vwa ki te soti nan syèl la, lè nou te la ansanm avè l sou mòn kote Bondye te pale ak nou an.

Se poutèt sa, mwen pran Pawòl pwofèt yo pou pawòl sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon, tankou yon lanp k ap klere nan . . . fènwa a jouk jou a va pwente, jouk zetwal ki klere chak maten an leve nan kè nou.

Men, anvan tout bagay, se pou nou konn sa byen: pèsonn pa gendwa pran mesay pwofèt ki ekri nan Liv la pou li ba li sans li vle.

Paske, pwofèt ansyen tan yo pat janm bay mesay paske yo menm yo te vle. Okontrè, se Sentespri ki te pouse moun sen Bondye yo lè yo t ap bay mesay ki soti nan Bondye.

⁶ Ke Seyè a ajoute benediksyon L sou lekti Pawòl Li. Bon, m ap pran sa pou yon sijè konvèzasyon: *Bondye Se Entèprèt Pwòp Tèt Li.*

⁷ N ap viv nan yon tan konfizyon nèt. N ap viv nan yon tan kote gason ak fanm gen difikilte konnen kisa pou yo fè. Sa sanble kankou tout bagay, an toumant. Se kòm si tout bagay, gen tèlman diferant fason pou gade l. Sa se Satan, ki fè sa.

⁸ Bon, Bondye pakab jije moun korèkteman, nan dwati, si pa gen kèk prensip etabli ke L dwe jije yo ak sa. E Bib la di ke L ap jije tout moun ak Jezikri, e Jezikri se Pawòl la. Nan Sen Jan, chapit 1, Li di:

Anvan Bondye te kreye anyen, Pawòl la te la. Pawòl la te avèk Bondye. Sa Bondye te ye, se sa Pawòl la te ye tou.

Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, . . .

⁹ Bon, tout sa nou ye jodi a se manifestasyon atribi L yo. Nan Bondye . . . Pou kòmansè Li pat menm Bondye, Bondye, nou te ka jis rele L “sa ki Etènèl La.” Li pat Bondye, paske mo *Bondye* a (yon mo Anglè) vle di “ki fèt pou adore” e pat gen anyen pou te adore L. Konsa Li te sa ki Etènèl La, se—se Sous prensipal tout entelijans. E nan Sous tout entelijans sa pat gen yon atòm, yon molekil, ou anyen, ankenn limyè, zetwal, lalin, ankenn lòt bagay. Bondye, sa nou pran pou Bondye a, gran Espri ki te Etènèl la (ki pat janm gen kòmansman, pat janm gen fen an), Li te la. E nan Li te gen atribi: se te atribi pou L te Bondye, epi atribi pou L te yon Papa, atribi pou L te yon Pitit, atribi pou L te yon Sovè, atribi pou L te yon Gerisè. Tout atribi sa yo te nan Li. Epi bon

Li . . . Bagay sa yo ki te devwale lè sa se sèlman atribi L yo ki tap manifeste.

¹⁰ Sam vle di, sè ke *atribi* yo sete “panse” L. E yon—yon *pawòl* se “yon panse bouch di.” Epi konsa sa te nan panse L. E kan Li te di, “Ke sa fèt,” e sa te fèt. “Ke sa fèt,” e sa te fèt.

¹¹ Epi kounye a, sonje, ou menm Kretyen ou sete panse L anvan lemond te egziste. E ou sete manifestasyon panse L. Anvan menm ke te gen yon monn, ou te nan Kris, (amèn) nan Bondye nan kòmansman. Kifè, sa fè w vin tounen depandan L, ou wè. E tout bagay la se Bondye, Li menm, ki rann Li materyèl tout bon Li menm pou w te ka manyen L, wè L, e—e lòt ankò. E se sa ke Bondye ye, tout bagay la nèt ale.

¹² Kifè moun yo di, “Entèpretasyon an . . .” Mwen t ap pale isi a sa pa fè lontan nan yon reyinyon, gen yon nonm ki te di m, li te di: “Frè Branham, ou gen move entèpretasyon an. Ou pa entèprete Sa byen.”

¹³ Bon, nou tande . . . Yal kot Metodis yo, e yo te di: “Batis yo pa entèprete byen.” Batis yo di: “Pannkotis yo pa ladann.” Pannkotis yo di ke “Initè yo—yo pa ladann.” Initè yo di: “Asanble yo pa ladann.” E yo chak di ke lòt la pa ladann.

¹⁴ Bondye se Entèprèt Pwòp Tèt Li! Li pa bezwen ankenn moun entèprete Pou Li. Li fè Pwòp entèpretasyon L. Kilès moun ki ka entèprete Bondye? Bondye se Entèprèt Pwòp Tèt Li.

¹⁵ Bon, Pyè ap pale la, nou jwenn ke nan kòmansman lè Bondye te di: “Ke limyè a parèt,” epi limyè a te parèt, se sa ki entèpretasyon an. Kan Bondye di nenpòt bagay la epi sa te manifeste, alò se sa ki entèpretasyon Bondye ke Pawòl Li reyèl. Ou wè? Kan Li te di: “Ke limyè parèt,” sa te nan panse L anvan menm ke te gen yon bagay kankou limyè. Lè Li te di: “Ke limyè a parèt,” limyè te gaye nan syèl la, sa se entèpretasyon an. Pèsonn pa bezwen entèprete sa, paske Bondye te pale e sa te fèt. Kan Bondye pale e ke sa manifeste, se sa ki entèpretasyon Pawòl Li. Poukisa lèzòm paka wè sa? Poukisa moun yo paka wè sa?

¹⁶ Kan Bondye fè yon pwomès epi Bondye di . . . Nan—nan kòmansman, nan Jenèz, Li te rezève yon pòsyon Pawòl Li pou chak aj pandan ke Sa tap fè chemen desann depi nan kòmansman jiska lafen. Epi, file desann atravè aj yo, legliz mondèn nan te gen tout bagay sa yo tou melanje avèk tradisyon, epi lòt bagay, e Bondye toujou voye sou teren an, depi Ansyen ak Nouvo Testaman ap desann, pwofèt yo! Epitou Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt la. E kòman Li fè sa? Li manifeste Pawòl Bondye a. Manifestasyon Bondye, ki deklare si sa vrè ou fo. Pèsonn pa bezwen entèprete L, Pawòl la entèprete Tèt Li. Bondye pwomèt li e sa rive drèt la!

¹⁷ A kisa sa ap sèvi pou di yon lòt bagay konsènan Sa? Kilès pechè sa ki va eseye di (lè Bondye fè yon pwomès epi Bondye akonpli li) ke entèpretasyon sa fo? Sa se Bondye Li menm ki bay

Pwòp entèpretasyon pa L, ap entèprete. Li pa bezwen ankenn moun pou entèprete Li, Li entèprete Tèt Li avèk manifestasyon ke Li te pwomèt ke Li va fè.

¹⁸ O, si sèlman legliz te ka wè sa epi te ka wè pwomès yo ki te rezève pou chak aj yo! Tout lòt aj yo, Bondye te voye sou teren an (menm pandan sèt aj yo ap file desann) epi te manifeste tout bagay ke Li te pwomèt pou fè. Tout bagay, pa gen yon sèl bagay ki pat akonpli. Egzakteman! Sa ke Li te di L ap fè, se sa Li te fè.

¹⁹ Paske kan Bondye te di, la dèyè a nan Ezayi, Li te di: “Yon vyèj va vin ansent,” e vyèj la te fè l. Kounye a, ki moun—ki moun ki ka entèprete sa? Bondye te bay entèpretasyon an. Li te di: “Yon vyèj va vin ansent,” e li te tonbe ansent. Bon, ki sa ou. . . ou pa kapab. . . Ou paka di anyen sou sa, paske Bondye te di ke sa ap rive l e sa te rive l. Men lè sa je legliz te twò fèmen pou l te wè sa. Ou wè, yo te fè yo pwòp ide yo de sa. Sa te twò—twò diferan de sa yo te atann yo.

²⁰ Pyè isi a te retounen an aryè, li te di: “Bondye te manifeste Kris avèk Pawòl Li, Li te di: ‘Sa se Pitit cheri M nan.’” Kwayan sa yo te pran pozisyon yo la. E Kris se te manifestasyon Bondye. Li te toujou manifeste Kris avèk Pawòl Li, paske Kris se Pawòl la. Li toujou manifeste.

²¹ Kan Li te di. . . Nan tan Noye, Kris te nan Noye. Èske w kwè sa? Noye te di: “Lapli pral tonbe. Pral gen lapli, tè a pral detwi.” Lapli te tonbe. Sa pat bezwen ankenn entèpretasyon. Lapli te tonbe paske Bondye, nan Noye, te di: “Lapli pral tonbe.” Li te yon pwofèt, e prèy la sete ke sa li te di a te akonpli. Kifè yo pat bezwen entèprete sa.

²² Kèk ladan yo, nan anviwon an, petèt te di: “Nonm sa pa konn sa lap pale a.”

²³ Men Bondye toujou te pwomèt: “Si gen youn pami nou ki espirityèl, ou ki pwofèt, e ke sa li di a akonpli, alò tandè l.” Se kòrèk, paske se vre. Sa dwe an akò avèk Pawòl la. E Noye te an akò avèk Pawòl la. Kan li te pwofetize ke pral gen lapli, epi lapli te tonbe. Sa pat bezwen ankenn entèpretasyon pou sa, paske li te jis fè sa.

²⁴ Ezayi te di: “Yon vyèj va vin ansent,” e sa te rive l. Bon, sa te tèlman pa abityèl tèrib. Paske, ou wè, sete plizyè santèn lane aprè ke vyèj la te resi vin ansent.

²⁵ Sa te tèlman pa abityèl ke yon moun debyen ki te pote non Jozèf, mari li, “poutèt li te yon nonm jis e ke li pat vle avili l an piblik. . .” Moun debyen sa nan epòk sa yo, se te tout yon traka pou Jozèf kan li te fyanse, angaje l ak Mari.

²⁶ Li te fyanse. Nan tan sa, kraze sa, se te jis menm bagay kankou komèt adiltè. Epi, natirèlman, pou Jozèf, se kankou Mari tap eseye sèvi avèl pou yon fasad, osinon fè l vin yon kouvèti pou malonètè l, paske li te la a sou pwèn vin manman, san l pat

marye, li te sèlman fiyanse. Pou yon fent konsa, yo te ka lapide w amò; sa te dwe konsa, daprè lalwa.

27 Epi Jozèf, mari li, se te yon nonm jis, yon nonm ki te jis anpil. Li te kwè Bondye. E kan l te konn gade li avèk je ki dous ak tandrès li yo, e ke l te di: “Jozèf, Gabriyèl Akanj lan te vizite m e l te di m ke mwen pral ansent, san m pa konn gason.”

28 Bon, si Jozèf te jis retounen gade nan Lèzekriti, pwofèt la te di sa ta pral rive l! Se te tou senpleman Bondye ki tap entèprete Pwòp Pawòl Li! Ou wè? Men sa te twò etranj.

29 Se sa ki pwoblèm lan nan nenpòt aj la. Pawòl Bondye a etranje pou moun yo; Li twò etranj. Bondye toujou fè sak etranj. Tout kote Bondye ye sa etranj. Sa kont sistèm sa yo nan monn lan, se paske moun yo vle bagay yo fason ke yo panse l ta dwe ye. Men Bondye vini e L fè sa ki etranj lan.

30 “Kouman vyèj sa te ka vin ansent?” Li te onèt, li te konsilte Bondye sou sa.

31 Epi aprè Bondye te pale avè l nan yon rèv, e ke L te di: “Jozèf, ou menm pitit gason David, ou pa bezwen pè pran Mari pou madanm ou, paske sa ke l ap pote anndan l nan li vin de Sentespri a. Bondye te kouvri l ak lonbraj. Se sa ki te rive.”

32 Èske w te janm remake kouman Bondye te trete avèk Jozèf la? Nan yon fason a kote, nan fason yon rèv. Bon, nou konnen ke rèv egziste, nou kwè nan rèv. Mwen kwè nan rèv. Se te. . . Bondye te toujou trete ak moun nan rèv. Men rèv se yon fason a kote, ou wè, li kapab vrè ou fo sòf si li entèprete. Men li pat bezwen ankenn entèpretasyon. Se te Bondye Li menm ki tap pale dirèkteman ak Jozèf, paske pat gen yon pwofèt sou tè a pou entèprete nan moman sa yo. Pat gen pwofèt depi katsan zan. Konsa lòt meyè bagay, ke Bondye te konsidere anpil, se te ke Pwòp Pitit Li a te pòte l byen, Li te pale ak Jozèf ak yon rèv e sa san entèpretasyon. Li te di: “Fanm nan gen rezon. Bagay Sen sa a ke lap pote anndan l lan se Pitit Bondye a.” Sa pat bezwen ankenn entèpretasyon.

33 Bondye bay Pwòp entèpretasyon L a kè sa yo ki onèt, ki sensè. Gason ak fanm ki ap konsidere—konsidere bagay ki se mistè, si ou onèt e sensè e ke ou kwè, Bondye gen yon fason pou l entèprete l pou ou. Dabò, al chache wè si se yon pwomès. Si Jozèf te jis al fè wout li retounen epi elwaye l de tradisyon yo e l te retounen nan Bib la, epi ap chache, Ezayi te di ke fanm nan ta pral fè sa.

34 E bagay yo ki te pale sou sa, ak nesans Li, epi tout sa ke Lèzekriti te di sou sa, “pa pwofèt ki sen yo,” kankou Pyè te di a. E ankenn moun pa gen dwa bay ankenn entèpretasyon pal de sa. Se jis egzaktman sa ke Bondye te di ki pral rive. Li se te manifestasyon Pawòl Bondye a ki te pwomèt pou jou sa a. Bondye te di l, sa te rive konsa. E se te fin eksplike.

35 Jezi te di. . . Kan Li te sou latè, kan yo pat kapab konprann ministè Li, ki te twò gran, twòp fenomèn, (yo pat kapab), ou

pito twò ekstraòdinè. Yo pat ka konprann Li. Li te di: “Chache nan Lèzekriti!” (M espere ke mwen pap rann ou soud deyò laba, pandan m ap tape fò sou sa la.) “Chache nan Lèzekriti, paske nan Yo ou panse ou gen Lavi Étènèl, e se Yo menm menm ki rann temwayaj de Mwen.” Ou wè? “Yo se Sa ki di w Ki moun Mwen ye.”

³⁶ Ou wè, Bondye te rezève yon pòsyon Pawòl la. Jou sa te dwe manifestasyon Bondye a, Bondye (Emanyèl) avèk nou, “Yo va rele non L Bèl Mèwèy la, Konseye a, Prens Lapè a, Bondye Toupwisan an, Pè Letènèl. E yo va rele Non Li *Emanyèl*, ‘Bondye avèk nou.’” Bondye te nan David. Bondye te nan Moyiz. Bondye! Se Bondye tout kote w ale, ki ap manifeste L Li menm pou aj sila. Men aj sa se: “Yon vyèj pral ansent e li va akouche yon Pitit Gason, epi Li va Bondye ki avèk nou an.”

³⁷ Se poutèt sa ke yo te krisifye L, paske L te fè tèt Li Bondye, epi brize Saba tou. Li te—Li te Bondye mèt Saba a, e Li te Bondye. Epi Li pat jis yon nonm òdinè ou yon pwofèt òdinè (poutan Li te yon Moun òdinè e yon Pwofèt), men Li te Bondye k Pwofèt la. E Li se te akonplisman Pawòl la, egzakteman sa ke Bondye te di Li tap fè a. Li te di: “Kilès nan nou ki ka akize M ke M peche? Chache nan Lèzekriti! Nan Yo nou kwè nou gen Lavi Étènèl, e se Yo menm ki rann temwayaj de Mwen.” Men akoz tradisyon pa yo, yo tap viv nan limyè twoub yon lòt aj.

³⁸ Kèk semèn pase yo, pandan mwen tap preche sou, “*Ap viv nan yon limyè twoub*.” Yon limyè twoub se yon “miraj,” solèy la ki ap reflete l li menm, epi se fo. Epi nenpòt limyè twoub yon lòt aj se yon fo reflè. Moun yo toujou ap mache nan yon bagay ki te rive sa fè plizyè lanne. Literyen yo ap mache nan yon limyè twoub Literyen. Limyè solèy Litè a te kòrèk nan tan l nan; Wesle te bon nan tan l nan; Pannkotis yo te bon nan tan pa yo a. Nou ap moute yon nechèl, nou ap viv nan yon lòt aj! Nou ap avanse, avanse, nou pa kapab kontinye ap gade dèyè.

³⁹ Kan nou retwouve nou byen tabl kò nou nan bagay yo, nou panse ke nou gen tout bagay sou kontròl, nou gen tradisyon nou yo byen nan plas yo; e se te kòrèk pou tan sa, men n ap avanse! Chache nan Lèzekriti epi gade kisa ki te pwomèt pou jodi a, konsa nou va konnen ki kote nou ye, konsa nou va konn ki kote nou kanpe.

⁴⁰ Litè; ou kapab verifye nan Lèzekriti e wè nan sa—nan aj Sad sa, ou ka wè egzakteman sak te pwomèt. Obsève ki jan de kavalye ki te sòti, obsève ki sak te vin rankontre l, egzakteman, “abilte lòm nan,” refòm. Siveye Wesle, e lòt yo. Pandan ke lap vini ap desann pou antre nan aj Pannkotis la, e ap desann toujou jiska aj sa, obsève kouman sa te vwayaje. Voye je w nan Lèzekriti e wè ki kote nou ye. Se poutèt sa ke Jezi te di, “Chache nan Lèzekriti!”

⁴¹ Wè ki kote nou ye! Mwen kwè ke nou rive nan tan Vini Pitit Bondye a kounye kounye a. Mwen kwè ke nou rive nan aj kote—

kote se lè egzak ke Li kapab parèt a nenpòt ki lè a. Mwen kwè ke Lèzekriti deklare sa, ke nou rive nan dènye lè istwa monn sa. Mwen ka wè bagay yo pandan ke y ap pran fòm. Gade Konsèy Ekimenik sa kap dirije tout legliz yo anndan l, nan mak bèt la. Epi gade Anpi Romen an ak sa l ap fè, epi tout rès lòt yo. Gade yo k ap rasanble ansanm, ap fèmen Limyè a, ap fèmen pòt Levanjil la. Tout moun va vin fè pati de li epi yo va mache nan limyè pa yo a osinon ou pap ka mache ditou. Ou wè, nou rive nan tan lafen an. Pa gen anyen ki rete pou nou sèlman makonnen ak Bondye epi kwè Pawòl Li. Pawòl la toujou gen rezon.

42 Nan laj legliz Lawodise, se te sèl aj legliz, pami yo tout, ke yo te mete Kris deyò nan legliz. Li te twouve L deyò, ap frape. Kisa k te pase? Konsèy Ekimenik sa se sa ki pral mete L deyò. Bib la te di ke yo te dwe mete L deyò, e Li deyò. Kisa sa fèmen? Pawòl la. Epi Li se Pawòl la, Li te toujou Pawòl la, e Li ankò Pawòl la aswè a! Li se Pawòl la.

43 Bib la te di: “Pawòl la tranchan, pi pwisan ke yon epe ak de tranchan,” Ebre, chapit 4 la: “li disène panse ak entansyon ki nan kè.” Pawòl la te sa! Yo te sipoze konnen Ki moun Li te ye kan Jezi te di sa jou sa.

44 Siveye kisa L te fè. Yon jou Li te kanpe la, ministè Li te fèk fèk kòmanse. Te gen yon nonm ki te vin kote L, ki te rele Simon, Simon Pyè. E kan Pyè te voye je gade L e—e l te wè L, Jezi te di l: “Non w se Simon e ou se pitit gason Jonas.” (Li te sipoze konnen ke Moyiz te di: “Bondye Seyè w la va voye yon Pwofèt sanble ak mwen, e ou dwe tandè L.”) Epi men yon Nonm ke li pat janm wè pandan tout vi Li, ki te di: “Non w se Simon e ou se pitit gason Jonas.” Poukisa, li te konnen imediatman ke pat ka gen ankenn lòt. . . Yo pat gen yon pwofèt depi plizyè lanne, e men yon Nonm ki tap di l ki moun li ye. Se pa etonan ke li te ka resevwa l!

45 Filip, nan moman sa, te ale e—e li te jwenn Natanayèl anba yon pyebwa, e li te mennen l retounen bay Jezi. Jezi te di: “Men yon Izrayelit ki pa gen ankenn malis nan li.”

Li te di: “Mèt, depi ki lè Ou te janm konnen m?”

46 Li te reponn: “Anvan Filip te rele w, kan ou te anba pyebwa a, Mwen te wè w.”

47 Li te di: “Mèt, Ou se Pitit Bondye a! Ou se Wa Izrayèl la.” Li te konnen ke se te sa! Kisa? Sa pat bezwen ankenn entèpretasyon, Jewova te di sa!

48 Yo te kanpe la a sa yo ki pat kwè l la. Yo te di: “Nonm sa se Bèlzeboul. Li te gen—Li te gen yon jan de trik pou L te atire. Li—Li se yon divinò, ou yon bagay konsa.”

49 Jezi te gade yo, e L te di: “Bon, ou pale konsa kont Fis de lòm nan, ou va jwenn padon. Men kan Sentespri a va vini pou fè menm bagay la, pale kont Li, ou pap janm jwenn padon, ni nan monn sa ni nan monn kap vini an.” Li tap pwofetize pou tan

nou an, jou nou ta dwe wè a. Paske Li se menm nan ayè, jodi a, e poutoutan.

Sonje, se Jezikri ki te nan Moyiz.

⁵⁰ Se Jezikri ki te nan David. Kan David, pitit gason . . . David te al sou montay la, yon wa yo te rejte, e li te kriye pou Jerizalèm, se pat lòt bagay ke Kris nan li. Paske apeprè uisanzan apre sa, Fis de David la te retwouve L sou Montay Olivye yo e Li te voye je L anba sou Jerizalèm Li te kriye, e Li te di: “Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa Mwen te vle rasanble w kankou yon poul fè l pou ti poul li yo, men ou pat vle!”

⁵¹ Kan Jozèf te nan prizon, se te Jezi. Kan yo te vann li pou prèske trant pyès an ajan, se te Jezi. Kan li te vin nègpa Potifa, se te Jezi. Kan li te vin bradwat Farawon. E kan li tap deplase, tout moun . . . twonpèt la te sonnen, e tout moun te dwe ajenou, se te Jezi. Pèsonn pat kapab vin kote Farawon san pèmisyon—pèmisyon Jozèf; pèsonn moun paka vin kote Bondye, san pèmisyon Jezi. Se te Jezi, Pawòl pwofetize a ki tap akonpli, ki te pale sou fòm lonbraj ak tip.

⁵² Kan Jezi te isiba sou latè, Li te fè menm bagay ke pwofèt yo te fè, se poutèt sa yo te konnen ke Li se te manifestasyon Pawòl Bondye a. Sa pat bezwen pou w entèprete l.

⁵³ Kan Natanayèl te wè sa, li te tonbe plat, li te di: “Ou se Wa Izrayèl la, Pitit Bondye a, Wa Izrayèl la. Nou rekonèt Ou, pèsonn paka fè sa.”

⁵⁴ Nikodèm te vin lannwit, li te di menm bagay la pou Farizyen yo. Men, ou wè, yo te tèlman atache ak Konsèy Ekimenik yo a ke yo pat ka aksepte L. Li te eksprime sa yo te di a, jan sa: “Mèt, nou . . .” Kiyès ki “nou an”? Konsèy yo a! “Nou konnen ke Ou se yon mèt anseyan ki soti kote Bondye, paske pèsonn moun paka fè bagay sa yo si Bondye pa avè L.” Yo te rekonèt Li, yo te konnen ke Se te sa, men yo te si tèlman branche nan sa.

⁵⁵ Epi Bondye, pandan karantan ki sot pase yo, te sekwe nasyon sa ak batèm Sentespri a, malgre sa gen gason ak fanm ki toujou rete an deyò Sa paske yo ret kole nan menm bagay la, yap viv nan limyè twoub yon lòt jou. Ki sa pwoblèm nan ye? Chak moun vle vin yon Metodis, yon Batis, yon Prezbiteryen, yon Literyen, osinon yon bagay kèlkonk. Ou wè, se yon limyè twoub.

⁵⁶ Yo tap viv nan limyè twoub tan Moyiz la. Ki sa L te di? Li te di . . . Yo te di: “Nou se disip Moyiz.”

⁵⁷ Li te di: “Si nou te vrèman konn Moyiz, nou tap konnen Mwen. Moyiz te ekri sou Mwen!”

⁵⁸ Si vrèman nou te konnen Litè, nou tap konnen aj sa! Si vrèman nou te konnen Metodis yo, nou tap konnen aj sa! Paske Kris te ekri sou aj sa! Pawòl ki te gen pou akonpli yo dwe akonpli nan aj sa. Sa pa bezwen pyès moun pou entèprete L, se Bondye ki bay Pwòp entèpretasyon pa L. Bondye entèprete Pwòp Tèt

Li, paske se Li menm sèl ki ka entèprete L. Pwomès Bondye yo toujou konfime sa L di, e se sa ki entèpretasyon an.

⁵⁹ Bon, Jezi (pou sove tan), Jezi te di, nan Sen Jan, chapit 14, vèsè 12 la: “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè l tou.” Èske L te di l? Se vre. Sa pa bezwen ankenn entèpretasyon. Kan yon moun fè zèv sa a, se Bondye. Sèten!

⁶⁰ Li te di la a tou: “Menm jan l te ye nan tan Lòt la, se konsa sa va ye kan Fis de lòm nan va vini.” Jezi te di sa. Èske L te di l? Sèten, Li te di l! Sa pa bezwen pyès entèpretasyon.

Yo di, “Enben, sa vle di . . .”

⁶¹ Li jis vle di egzakteman sa ke L te di a! “Menm jan l te ye nan tan Lòt la, se konsa sa va ye kan Fis de lòm nan va vini.” Ki sak te pase nan tan Lòt la? An nou retounen an aryè pou yon ti moman, pou nou jwenn kisa yo te konn ap fè.

⁶² Te gen twa kategori moun nan tan Lòt la: kwayan yo, swadizan-kwayan yo, ak enkwayan yo. Ou jwenn sa nan chak foul moun, menm bagay la.

Nou jwenn ke Sodomit yo se te enkwayan yo.

Lòt se te swadizan-kwayan an.

⁶³ Abraham se te kwayan an. Li te sila ki te gen konfimasyon alyans nan. Li te sila ki tap tann yon ti moun ki te pwomèt. Li te sila ki te espere sa. Amèn. (Mwen pap di “amèn” pou pwòp tèt mwen. *Amèn* vle di “Ke sa fèt konsa!”) E se vre. Abraham pat anndan Sodòm. Abraham te anwo an deyò Sodòm. Li se yon tip Legliz espiritiyèl jodi a.

⁶⁴ Lòt se yon tip legliz denominasyon ki toujou anba a nan Sodòm. Gade, Bib la te di ke: “Peche Sodòm yo te endiye nanm li ki jis chak jou.” Poukisa li pat gen kran ase pou l te kanpe kont sa? Gen anpil òm debyen ki chita nan legliz jodi a, kap gade wè fanm yo ak chòt sou yo epi gason kap fè bagay sa yo, epitou manm yo ki prale, kap jwe gòlf jou dimanch, fè piknik, ap naje ak bagay konsa, olye pou yal legliz. Yo chita lakay yo jou mèkredi swa, ap gade televizyon, olye pou yal legliz. Yo santi yo pouse pou di yon bagay sou sa, men konsèy komite a ta mete yo deyò. Sa sa ye? Se ankò Lòt, ki tap gade nan fenèt li e ki te wè peche yo, e ki te pè pou l rele peche “peche”!

⁶⁵ Abraham pat nan galimatcha yo a, li te deyò bagay sa. Li se te yon tip Legliz espiritiyèl la. Kounye a gade sak te rive jis alafen, jis anvan dife te tonbe. Epi moun sa yo se moun lòt Nasyon. Sa predi sou fòm lonbraj dife ki gen pou tonbe sou monn lòt Nasyon yo jodi a, kan wayòm yo va detwi e ke yo va brile. “Syèl la va tounen dife,” jan Seyè a te di a, “e li va brile ak dife trè cho.” Sa se te yon lonbraj sa.

⁶⁶ Bon annou fè nou yon imaj de yo. Men Abraham ki te deja deyò, ki pat anndan Sodòm, li te an deyò Sodòm. Lòt te toujou anndan Sodòm.

67 Bagay etranj, yon jou maten k te fè cho, li dwe te bò zòn onzè yo konsa, li te wè twa zòm ki tap vini, dèzòm òdinè, ki tap desann sou wout la, sou chemen an. Abraham te chita anba pye bwatshèn nan, li tap repoze kòl. Se posib li te deyò depi maten, avèk bèje yo, li te rantre, preske vè midi. E li te wè twa zòm ki tap vini. E pitou te gen yon bagay konsènan mesye sa yo, ki te atire l. O la la!

68 Toujou gen yon bagay konsènan Bondye, kan L vini pami moun yo, Li deklanche yon bagay. Yo konnen Sa. Gen yon bagay ki di yo, gen yon konfimasyon la.

69 Abraham te kouri vit, e l te di: “Seyè mwen, apwoche e kite m pran yon ti dlo, prepare l pou m lave pye W e pou m ba W yon mòso pen, apre sa Ou va al fè wout Ou.” Kifè li te retounen. Li te kouri nan chan an e li te pran yon jenn ti bèf ke l te tiye, te mande yon sèvant pou prepare l. Li te al nan tant nan, pi ba a, e l te fè Sara petri farin, pou fè kèk, osinon pou fikse yon manje, fè kèk pen, ak gato yo sou rechò dife. Li te sòti avèk yo e li te sèvi yo. Pandan ke yo te chita la, ap manje, yo te kòmanse remake ke, Nonm sa te kontinye ap gade anba nan direksyon Sodòm. Epi Li te di . . .

70 De nan yo, sonje, te desann al Sodòm. De te al Sodòm. Tanpri pa rate sa. Mwen repòtem a sa Jezi te di. De nan yo te al Sodòm pou yo te fè Lòt soti ak tout sa ki te prè pou soti anba a la. E de sa yo ki te al anba a la, yo te desann al preche. (Men te gen Youn ki te rete deyò avèk Abraham. Siveye siy Li te fè a.) Yo te gen yon siy anba a la, sè ke . . . Sodomit yo te frape vin avèg. Predikasyon Levanjil te toujou rann enkwayan an avèg. E pitou remake kisa k te fè sa.

71 Bon, te gen Youn ki te rete deyò bò isi a e ki te fè yon siy devan Abraham.

72 Kounye a, èske w te janm remake, nenpòt istòryen, swiv Lèzekriti, swiv listwa, pat janm te gen yon tan nan aj legliz yo kote yon moun te janm al rankontre legliz ki jis pote non legliz yo deyò laba a nan lemond, deyò laba a nan denominasyon yo, pat janm te gen yon moun ke non li te fini parèy ak Abraham, h-a-m, anvan. Men jodi a yo gen youn, G-r-a-h-a-m. Se vre. Li te desann la a, lanse yo apèl pou yo sòti. Nan sans sa lap fè yon travay ki se yon mèvèy. Graham, Billy Graham, sèvitè Bondye deyò a la pami denominasyon yo, politisyen yo, ak lòt konsa, ap frape di.

73 Lòt jou kan yo te vle poze kandidati l pou l vin Prezidan, li rejte sa toutswit. Ke Bondye, beni l pou sa. Enben, konpayi wiski sa yo, li pa tap menm janm rive sou premye baz la kòm sa dwatèt. Yo ta pral depanse plizyè milya dola, paske li tap mete yo deyò de tout fason, konpayi sigarèt sa yo ak bann bagay konsa. Ou wè, li te sòti deyò la kòm mesaj Bondye pou Sodomit yo. Se sa egzaktman.

74 Men raple w, te gen Youn ki te rete anwo a la avèk Abraham, yon lòt Moun, pa de sa yo ki te desann la a kankou evanjelis modèn ki te desann al laba pou preche. Remake, te gen Youn ki te rete anwo la. De te desann nan direksyon sa, e Youn te rete *isi a* avèk Abraham. E Sila a ki te rete ak Abraham nan te ba l yon siy.

75 Bon gade, anvan non l se te “Abram” e madanm li se te “Sarai,” jis yon jou ou de anvan sa. Bondye te parèt sou li e L te di l: “Map chanje non w kounye a de Abram a Abraham.” (Ou wè, G-r-a-h-a-m gen sis lèt, lòm.) Men A-b-r-a-h-a-m gen sèt, sèt lèt; h-a-m, li fini avèk yon h-a-m.

76 Kounye a, anwo bò isi a nan Legliz espiritiyèl la, te gen Youn anwo a la pou Abraham, e remake kisa L te di. Li te di: “Abraham,” (pa “Abram”) “Abraham, kote madanm ou” (pa “S-a-r-a-i”) “S-a-r-a-h? Kote madanm ou Sarah?”

77 Siveye sa li te di: “Li anba tant nan ki dèyè do W la.”

78 Epi Li te reponn: “Mwen va vizite w. Mwen gen pou M vizite w.” Gade pwonon pèsonèl sa, se Sila a, dapre pwomès ke Li te fè. Se te Bondye! Li te di: “Mwen gen pou M vizite w.”

79 Epi Sarah, (nan yon fason ke nou tout te ka konprann) te ri an kachèt, anndan kèl, li te di: “Mwen menm, yon fanm laj mwen, a santan daj, seyè pam nan” (ki vle di Abraham) “trè aje tou, depase tan lavi bagay sa yo kankou ti jenn yo.” Li te di: “Bon, nou kapab pran plezi konsa ankò, mwen aje e li aje.” E li te di: “Nou pa kapab fè sa.” Li te di tou: “Kouman sa? Bagay konsa paka fèt!”

80 E nan—Nonm nan (Bondye nan yon chè moun) te di: “Poukisa Sarah ri ak doute, pou li di bagay sa yo?” Nan tant nan, dèyè do L.

81 Kounye a gade, si sa se pa menm ministè ke Jezikri te genyen an! Li te voye je L sou asanble a e Li te disène panse yo. Li te di Pyè ki moun li ye e ki moun papa l te ye. Menm jan pou Natanaèl.

82 Li te di fanm ki te bò pwi an, kan fanm nan te di. . . Li te di: “Al chache yon ti dlo pou Mwen,” oubyen “Pote yon ti dlo pou Mwen.”

83 Fanm nan te di: “Mesye, se pa koutim nan pou W ap pale ak. . . nou menm Jwif ap pale ak Samariten. Nou pa gen rapò youn ak lòt.”

84 Li te di: “Men si w te konnen Ki moun w ap pale avè L la, se ou ki ta mande M yon ti dlo.” Konvèzasyon an tap dewoule. Li te di: “Al chache mari w epi vin isi a.”

Fanm nan te di: “M pa gen mari.”

Li te di: “Ou byen di, paske ou te gen senk.”

Fanm nan te reponn: “Mesye!”

85 Gade diferans ant sa e bann—e bann prèt nan tan sa, konsèy sa ki tap viv nan limyè twoub yon lòt tan. Yo te di: “Sa se dyab la!” Yo te oblije bay asanble yo repons pou nenpòt bagay la paske sa se te yon egzijans.

86 Men kisa pòv ti fanm piti sa te fè, Semans predestine sa blayi nan kè li. . . Li te gen ase e li te fatigue ak tenten sa yo, li te konn al nan lari a antan ke pwostitye. Men kan li te wè Sa, li te di: “Mesye, mwen disène ke Ou se yon Pwofèt. Nou pat gen yon sèl menm pandan katsanzan, e yo te di nou ke kan Mesi a va vini se bagay sa yo ke Li va fè.” O la la! Semans sa ki tap dòmi la te bondi pou l jwenn lavi! Poukisa? Li pat bezwen ankenn entèpretasyon.

87 Jezi te di: “Mwen se Li menm kap pale avè w la.” Sa pat bezwen ankenn entèpretasyon. Li te fè mirak la e sa te temwaye ke se Li ki te Mesi a, amèn, epi sa te demontre egzaktman sa ke Bondye te pwomèt (“Seyè Bondye w la va voye yon Pwofèt sanble ak mwen,” Moyiz te di sa). Kisa sa te ye? Yon konfimasyon Ekriti yo!

88 Fanm nan te kouri nan vil la, e l te di: “Vin, wè yon Nonm Ki te di m tout sa m te fè. Èske sa se pa Kris la Li menm? Èske se pa Li? Li te di m sa m te fè.”

89 Bon remake, Jezi, se te Li anwo a la nan Nonm sa ki te bay tant nan do Li e ki te di sa Sarah tap panse anndan tant nan.

90 Pawòl Bondye a di, nan Ebre, chapit 4 la, ke . . . Li di konsa: “Pawòl Bondye a pi pwisan e pi tranchan ke yon epe ak de tranchan, ki ka separe mwèl ak jwenti, e li disène panse ak entansyon ki nan kè a.” Se Pawòl la! E chak fwa ke yon pwofèt te vini, li te vini avèk Pawòl la, epi li se te Pawòl pou aj sa. E kisa sa te bay? Youn kap pwofetize kap disène panse yo ki anndan kè.

91 Li te fè sa nan Jezikri paske Li te konplètman tout Pawòl la.

92 E Jezi te di: “Menm jan l te ye nan tan Sodòm nan, se menm jan an li va ye kan Fis de lòm nan va vini.” Lespri Bondye va vini sou tè a sou fòm moun ki nan chè, Bondye ki te manifeste L nan chè moun (Amèn! Èske w wè sa?), e ki va fè menm bagay ke Bondye te fè nan moun an chè nan tan Sodòm. Sonje, yo tap tann yon pitit gason ki te pwomèt. Epi, toutsuit aprè sa, pitit gason ki te pwomèt la te vini. Se te dènye siy ke Sodòm ak gwoup Abraham nan te wè anvan ke pitit gason ki te pwomèt la te rive. Èske w te remake sa? Epitou kounye a Legliz espiritiyèl la rive nan moman sa.

93 Yon moun te di: “Frè Branham, èske w di ke ‘se te Bondye?’”

94 Bib la di, Se te Bondye! Li pa bezwen ankenn entèpretasyon. Li se Eloyim. Se konsa ke Abraham te rele L. Nenpòt etidyan Labib konnen sa. *Eloyim*, “Sila ki sifi pou pwòp tèt Li a.” Li te an Premye, an Dènye; Kòmansman an, Fen an. Eloyim! Abraham rele L “Eloyim.” Bondye (avèk lèt majiskil nan referans Ebre a), Eloyim; jis kankou: “Nan kòmansman an Bondye,” Eloyim.

95 Li se te Eloyim manifeste nan moun an chè, abiye ak rad moun, manje manje moun. Amèn! Yon siy ke Bondye nan dènye jou yo va parèt ankò pami pèp Li nan chè moun! Amèn! Jezi te di: “Zèv Mwen fè yo, ou va fè yo tou. Epi menm jan l te ye nan tan Sodòm nan, se konsa sa va ye kan Fis de lòm nan va vini.” Amèn! Sa pa bezwen ankenn entèpretasyon; li bezwen manifestasyon, se sa ke l bezwen. Amèn. Èske w kwè sa?

Annou bese tèt nou.

96 Papa nou ki nan Syèl la, nou raple W pwomès Ou aswè a ke W te di bagay sa yo. Ou te pwomèt yo. Pa gen ankenn moun ke Ou menm ki ka met vi nan Pawòl Ou a. Ou te di: “Ke limyè ka fèt,” e limyè te fèt. Pèsonn pat gen pou entèprete sa, li te manifeste.

97 Kankou nou te site Ezayi, pwofèt la, “Yon vyèj va vin ansent,” sa te rive l; pat bezwen ankenn manifestasyon, li te fè sa. Se sa k te rive.

98 Ou te di, kan Li va vini Li va fèt nan Betleyèm, “L ap sòti nan Betleyèm, Jida. Èske se pa ou ki pi piti pami tout prens Jida yo, nan Izrayèl? Men se nan ou ke Chèf pou pèp Mwen an va soti.”

99 Bagay ke L va fè yo, sa ke Li va di ak rèl sou kwa a, kòman yo va kondane L, pèse pye L ak men L; “Li te blese pou dezobeyisans nou yo, frape pou inikite nou yo; chatiman pou lapè a te tonbe sou Li; gras ak maleng Li yo nou te geri.”

100 Kòman David te fè di: “Mwen pap abandone nanm Li nan lanfè, ni tou Mwen pap sipòte wè Sen Pam Lan mele ak bagay kòwonpi.” Epi twazyèm jou an, anvan ke swasant douzè te kòmanse simaye sak kòwonpi nan kò Li, Pawòl Bondye a te di: “Li va resisite.” (Yo te di ke yo te vòlè kò Li; yo kontinye kwè sa.) Men nou kwè Pawòl Ou, Seyè! Li te manifeste. Jezikri te resisite e Li te di: “Mwen va . . . Men ni, Mwen va toujou avèk ou, jis nan fen monn nan.”

101 Nou kwè ke Ou isi a aswè a. Nou kwè ke Ou se jis menm Jezikri aswè a, isi a, ke Ou te toujou ye. E ke Ou sèlman ap chache je, ponyèt, janm, bouch, nanm, kò, ke Ou kapab itilize pou W manifeste Pwòp Tèt Ou. Bondye, sanktifye nou aswè a, pou nou kapab wè Jezikri vivan an kap viv pami nou. Kite L vini! Konsa sa va akonpli, menm jan avèk Grèk sa yo ki te grangou e ki te vini jou sa a, pou te di: “Mesye, nou ta renmen wè Jezi.” E yo te detèmine pou wè L. O, sa dwe te yon moman ekstraòdinè kan yo tap kontanple L!

102 Bondye, Ou se menm nan jodi a. E Ou te pwomèt ke si nou te vle tout bon nou te kapab wè W. “Nan yon titan ankò, lemonn pap wè M” (enkwayan an); “men nou menm nou va wè M, paske Mwen va avèk ou, menm nan ou, jis nan fen monn lan.” Nou konnen ke Ou se menm nan ayè, jodi a, e poutoutan.

103 Seyè, Pawòl la te preche, li te ekri, kounye a pèmèt li akonpli, pou Glwa Bondye, pou montre ke Li kenbe Pawòl Li. Amèn. Bondye beni w.

104 Mwen pral rele liy priyè a. Mwen kwè ke Billy te di li te bay kat priyè, de en a san, oubyen yon bagay konsa. Li pa isi a jis pou kounye a. Èske . . . Se ki nimewo kat priyè . . . Ke yon moun gade pa dèyè do pa w . . . Se ta—sa ta dwe yon nimewo ak yon—yon lèt (A, B, C, D, ou . . .). Sa sa ye, A? Dakò.

105 An nou pran A, nimewo en, de, twa, kat, senk. Jis kòmanse kanpe jan sa. A, nimewo en, nimewo de, nimewo twa, nimewo kat. Kat, mwen pa wè l kanpe. Kat pou lapriyè nimewo kat. En, de, twa. Lapriyè. . . Petèt yo pa kapab leve. Si yo pa kapab, ke yon moun voye je l sou kat vwazen l nan, li kapab gen yon kat e li pa kapab leve. Rapidman kounye a. Men ni, kat. Senk, kat pou lapriyè nimewo senk. Sis, sèt, uit, nèf, dis, onz, douz. Jis kòmanse avanse bò isi a pandan ke n ap rele nimewo w. Nimewo en, de, twa, jis vin bò isi a. Nimewo en, de, twa, kat, senk, sis, sèt, uit, nèf, dis, onz, jis pran plas ou. Onz, douz, trèz, katòz, kenz, sèz, disèt, dizuit, diznèf, ven, venteyen, vennde, venntwa, vennkat, vennsenk. Èske gen kèk moun ki pakab . . .

106 Mwen wè yon jennòm ki nan chèz woulant dèyè laba. Si nimewo w la te rele, pitit gason m, e—e si ou pakab gen . . . enben, jis kite men w anlè, nou pral fè yon jan pou w ka vin isi a. Ou wè?

107 Konbyen moun ki isi a ki pa gen kat pou lapriyè e poutan ou malad? Leve men w, toupatou. Jis isi a, se vre, leve men w anlè. Èske w kwè? Pandan ke yo ap plase yo ansanm, èske w kwè koze Sa, ke Li se menm nan ayè e poutoutan? Konbyen moun? Gade predikatè sa yo; èske Lèzekriti pa di ke jodi a, frèm, Li se yon Souvren Sakrifikatè ki kapab konprann sa nou santi nan kalamite nou yo? Èske se vre? Konbyen moun ki kwè sa, leve men w? Li se Souvren Sakrifikatè ki kapab konprann sa nou santi nan kalamite nou yo.

108 Kifè si Bib la di: “Li se menm nan ayè e poutoutan,” konbyen moun ki kwè sa? Kifè kòman Li te ka ajì jodi a? Li t ap ajì menm jan Li te ajì ayè a. Èske se vre? Kote Li ye aswè a? Li chita bò kote dwat Majeste a, kò Li; Sentespri a isi a nan bilding nan, pou fè konnen Li.

109 Remake, bon gade. Sak te rive kan yon moun, yon fanm yon jou te touche rad Li a lepòk? Li pat gen yon kat pou lapriyè, nou ta ka di, men li te touche rad Li. E kan l te touche rad Li, Jezi te vire tounen e L te di, “Ki moun ki manyen M?”

110 Pyè te korije L, e li te di: “Enben, Seyè, sa pa sonnen kòrèk, sa sansib. Enben, se tout moun kap eseye manyen W. Poukisa W di: ‘Ki moun ki te manyen M?’”

111 Li te di: “Men Mwen konsyan ke Mwen te vin fèb.” Konbyen moun ki konn sa? *Vèti*, ki vle di “fòs,” te sòti nan Li. “Mwen te vin fèb, yon moun te manyen M avèk yon touch yon jan diferan.”

Epi Li te vire tounen epi gade nan oditwa jiskaske Li te jwenn sous kanal fwa sa.

¹¹² Tout moun te ap mete men yo toutotou Li, “O Mèt, nou kwè Ou,” e jan de bagay konsa.

¹¹³ Men te gen youn ki te reyèlman kwè Sa. Epi li te manyen rad Li e li te kwè ke li te geri, paske li te di nan kè l si l te ka fè sa se sa ki ta pral rive.

¹¹⁴ Li te vire tounen e Li te gade oditwa jiskaske li te jwenn li, e Li te di . . . te di l ke pèt san li an te rete e ke l te geri. Èske se vre? Bon, se konsa Li te aji, nan oditwa moun yo.

¹¹⁵ Kounye a, mwen pretann ke Li pa mouri, Li jis vivan jodi a menm jan Li te toujou ye a. E Bib la te di, Jezi, Li menm, te di: “Menm jan l te ye nan tan Sodòm nan, se konsa sa va ye kan Fis de lòm nan va vini.”

¹¹⁶ Bon gade, kèlkeswa jan de don ke Bondye genyen anwo bò isi a, dwe gen youn, anba la, tou, pou reponn a sa. Li te ale nan yon vil, Bib la di: “Gen anpil bagay ke Li pat kapab fè akòz enkredilite yo.” Èske se vre? Menm bagay la jodi a. Ou dwe kwè Li. Ou jis dwe kwè Li. Se sèl mwayen ou genyen.

¹¹⁷ Èske liy priyè a prè? Bon, ke tout moun bay respè pandan jis apeprè dis minit. Mwen pa konnen si m ap ka rive jis la, mwen gen apeprè vennsenk ak trant kanpe la. Men kounye a, nan liy priyè a, chak nan nou deyò a la nan liy priyè a ki konnen ke mwen se yon etranje pou ou, e ke mwen pa konnen anyen sou ou, leve men w. Chak moun nan liy priyè a.

¹¹⁸ Kounye a deyò oditwa a, ki konnen ke mwen pa konn anyen sou ou, leve men w. Bon, bon, men sa ke map eseye di a, zanmi, ou wè. Bon, men ni. Tout predikatè sa yo anwo isi a sou estrad la. E Kris te fè pwomès sa. Ou wè, sa te ekri. Ki lè sa te gen pou l rive? Nan dènye jou yo, jis anvan Seyè a Vini. Èske se vre? Sètalo ke sa te gen pou l rive.

¹¹⁹ Bon, sa se Pawòl ki te pwofetize pou jodi a. Pa limyè Litè; pa limyè Wesle; e se pa menm limyè Pannkotis. Li te pati nèt ale sou wout la kounye a. Bon, Litè se kòrèk; Metodis se kòrèk; Batis se kòrèk; yo tout, Pannkotis, oke. Gen tout kalite ki chita isi a aswè a. Se pa—se pa—se pa endividi yo. Sak tap rive si . . .

¹²⁰ Ou pa tap janm ka di yon Metodis anyen konsènan Litè, paske li kwè nan sanktifikasyon men pa Litè. Èske w wè?

¹²¹ Ou pa tap janm di yon Pannkotis ke “sanktifikasyon se tou sa ki genyen,” li te wè don yo. Li pa tap kwè sa. Non, li te gen plis ke sa. Èske w wè? E sa se dènye aj legliz ke nou te genyen, e Bib la di ke pap gen ankenn lòt aj legliz ankò.

¹²² Men va gen yon rasanbleman moun, ou wè, e men nou. Bon, sonje, dènye siy nan. Èske nou se moun kap tann yon pitit gason ki te pwomèt? Leve men w. Èske w kwè ke ou se Semans Abraham paske ou nan Kris? Leve men w. Kifè, Semans

Abraham, resevwa siy ou! Se pa deyò a nan Babilòn, se pa deyò a la nan monn denominasyon yo. Se isi a pami ou, sa yo ki pa nan galimatcha sa deyò a. Kwè sa!

¹²³ Men yon fanm, li se yon etranje total pou mwen, ap rode apeprè menm laj. Mwen pa janm wè madanm nan nan vi m. Si m te kapab geri madanm sa mwen tap fè l, si l te malad. Mwen pa konn anyen konsènan li. Èske w pat wè l te leve men l sa fè kèk minit de sa? Mwen—Mwen pat janm te wè l. Li se jis yon fanm ki kanpe la.

¹²⁴ Jodi a yo te desann isi a e yo te pote yon pakèt kat pou lapriyè, melanje yo kòm sadwatèt e yo te bay moun yo. Youn te gen nimewo en isi a, e nimewo dis deyè a la nimewo kinz, nimewo sèt, nimewo. . . jis konsa. Yo te melanje yo tout, dirèk devan w, chak jou. E kan yo te chwazi, yo te jis pran toupatou nenpòt ki bò. Èske w wè? E, kounye a, ou pa menm oblije gen yon kat pou la priyè, jis chita la epi kwè. Poukisa pakab. . .

¹²⁵ Penchen w ou menm, aswè a, jwenn nan ki tan ke nap viv. Èske w wè? Bon, sa sou pwen fini, tou, zanmi. Jis preske fini!

¹²⁶ Bon, si Bondye Abraham nan te resisite Jezikri sot nan lanmò, e ke Jezi te pwomèt ke nan dènye jou yo menm siy ke Abraham. . . ke Anj nan (ki te Bondye nan chè moun) te fè devan Abraham, jis anvan pitit gason ki te pwomèt la te rive, Jezi te di ke menm bagay la va fèt jodi a.

¹²⁷ Bon, nou wè zam atomik yo ak denominasyon yo, e tout sa yo, ak galimatcha kote yo foure tèt yo a. Nou wè yon Billy Graham anba laba a, ak Oral Roberts, e tout lòt moun sa yo ki deyò a la; mesaje Pannkotis la e mesaje denominasyon yo anba a la, nou wè tout sa ap dewoule, ap moutre siy nan. Billy Graham, yon teyologyen san fot, nan sa ke denominasyon yo kwè. Oral Roberts, youn kap geri san fot, jis egzaktman sa ke Pannkotis yo. . .

¹²⁸ Men gade byen, genyen yon lòt bagay ki te pwomèt pou Semans Abraham nan. Yo te la anba a pami denominasyon sa yo; te gen yon bagay *an deyò* denominasyon yo ki te sipoze rive, pou rasanble moun yo. Nap kite sa pou demen swa.

¹²⁹ Gade, mwen pa konn madanm sa. M pral vire do m ba li. Si Seyè Bondye a va di madanm sa yon bagay, petèt sa—sa konsène bagay lakay, petèt sa konsène finans, petèt sa konsène maladi; m pa konnen. Li ap konnen si se verite ou pa.

¹³⁰ Si Li ta fè menm bagay la aswè a ke Li te fè a lepòk, èske w va kwè Bondye a ke Jezikri te pwomèt ki tap isi a nan dènye jou yo? Konbyen moun ki kwè ke nap viv kankou se te nan Sodòm, kote ke lemonn antye fini nan yon kondisyon Sodomit? Konbyen moun ki kwè ke sa mwen te di aswè a se Verite? Kifè, pitit ak Semans Abraham yo, kwè Bondye!

131 Bon, konsa sa va retire nan panse w ke map eseye di madanm nan yon bagay, si m tap gade l anfas, osinon ke map chache gen tout bagay pa telepati ou nenpòt sa w vle konnen an. Nenpòt ki moun ki konn zafè telepati ta dwe pi sanse ke sa. Ou wè? Ou wè? Èske w te janm wè yon pratikan telepati ap preche Levanjil? Èske w te janm wè yon divinò ap preche Levanjil ap akonpli siy ak mèwèy, ap pwoklame ke Jezikri se menm nan? Non.

132 Ou wè, se jis . . . se panse moun. Ou wè, yo avèg. Èske w kwè ke yo kapab avèg? Bib la di ke yo va sa. Èske se vre? “Tèt di, moute-nen, renmen plezi plis ke yo renmen Bondye, san pawòl, fo temwen, san kontròl, meprizan pou moun de byen, pran pòz moun ki sen, men pa kwè nan Pwisans nan ditou.”

133 Èske Jezi pat di, nan Sen Matye 24:24, ke de espri yo nan dènye jou yo va prèske sedwi menm Eli a, si se te posib? Men sa pa posib. Yo te nan panse Bondye depi nan kòmansman an, epi yo se yon pati nan Bondye.

134 Kounye a, Bondye Abraham, Izarak, e Jakòb, ke yo kapab konnen aswè a ke mwen ap di Verite konsènan Ou. Se Ou, Seyè. Ak imilite pèmèt ke sèvitè W yo kapab debarase yo de pwòp panse yo, pou W kapab itilize kò nou pou Glwa Ou. Nan Non Jezi, Pitit Bondye a. Amèn.

135 Kisa yon don ye? Se pa yon bagay ke w pran pou w koupe epi vire tounen. Non, non. Se konnen kijan pou w retire kò nan wout lan pou Bondye kapab itilize w. Yon don se sèlman konn retire kò w, konsa Bondye ap itilize l.

136 Dam ki dèyè do m nan pral mouri kounye a la si li pa geri. Dam ki dèyè do m nan yon lòt mesye jis fèk sot priye pou li, dènyèman. Li gen kansè. Kansè a anndan tete l ak poumon l tou. Epi yo te fèk sot priye pou li dènyèman, e l ap eseye aksepte l pa lafwa ke li geri. Sa Se ENSI DI SEYÈ A! Èske se vre, madanm? [Madanm nan di: “Wi, se sur se laverite.”—Editè a.] Si se vre, balanse—balanse men w pou sa kap tande yo. Bondye Abraham nan toujou vivan! Dakò, ale kwè sa w te kwè a e ou va geri. Amèn.

Ou kwè? Ou di, “Sak pase ak sa kap tande yo?”

137 Madanm sa ki chita la avèk . . . nan bout ranje a, dezyèm madanm ki la. Kan m te vire tounen jis la mwen te wè kichòy, yon bagay toutou ponvèt li, presyon san kap ponpe. Li fè tansyon ot. Èske se vre, madanm? Leve men w. Si w kwè, tansyon w la va desann. Bondye Abraham nan toujou sou teren an. Li jis egzakteman sa sa te ye a, Pawòl Bondye a pou jodi a!

138 Kòmman w ye? Ou kwè kounye a? Gen fwa nan Bondye! Sanble se jis yon ti moun. Bondye konn kè w, jenn dam, mwen non. Èske w kwè ke Bondye kapab fè m konnen kisa k pa va? Èske w ap kwè L si mwen fè l? Se pa pou ou, se pou yon lòt moun, se pou frè ou. E li trè serye, e li nan yon vil nan nò parapò a isi a, Tulare. Epi li entène lopital, e li gen lesemi, e doktè yo abandone l pou l mouri. Pa gen espwa ditou. Se vre. Èske w kwè? [Dam nan, ak

rèl, di: “Wi.”—Editè a.] Dakò. Kisa ou gen nan men w? Pran li e poze l sou li. Epi pa doute sa. Kwè! Amèn.

¹³⁹ Èske w kwè? Mwen pa janm wè dam la nan vi m. Men Bondye rete Bondye! Kounye a, di m si yon imen ka fè sa? Sa pa nan pouvwa ras imen pou fè sa. Se Bondye a ke Jezikri te pwomèt ki va isi a nan dènye jou yo e ki va konfime Pwòp Tèt Li (jis anvan Semans Abraham nan) jan l te ye nan epòk Sodòm nan.

¹⁴⁰ Bon men ni, mwen pa konn dam nan, nou se etranje youn pou lòt, mwen kwè se premyè fwa nou rankontre nan vi a. Èske w kwè m se sèvitè Li? [Dam nan di: “Wi.”—Editè a.] Èske w kwè ke sa se Pawòl la? [“Wi.”] E ou konnen ke si . . . Pawòl sa ka toujou disène panse ak entansyon ki nan kè. Èske se vre? [“Se vre.”] Pawòl la se yon Gerisè, tou, si ou kapab kwè L. Ou kwè. Ou kouvri, tou, avèk yon lonbraj sonb. Se kansè. E ou kwè ke Bondye ka di m ki kote kansè sa ye? Se nan entesten k pi ba yo, dapre deklarasyon doktè a. Èske w kwè kounye a ke w pral geri? [“Amèn.”] Ale, e pa doute ditou, epi Bondye va geri ou. Amèn.

¹⁴¹ Tout moun, nou kwè? Jis egzaktaman sa ke Li te pwomèt ki va fèt! Gen fwa nan Bondye, pa doute.

¹⁴² Nou se etranje youn pou lòt. Mwen pa konnen w. Si nou se etranje, fè sa kap tande yo konn sa, nou kenbe men nou. Mwen pat janm te wè dam la nan vi m.

¹⁴³ Èske nou kwè laba a? Ou kwè ke se Jezikri? Se kisa sa ye? Se Pawòl Li. Kan moun sa yo rejte L, yo pa rejte yon nonm, yo rejte Pawòl la. Se Pawòl la ke yo te met deyò, e ki pat kapab retounen antrè.

¹⁴⁴ Bon, dam nan se yon etranje pou mwen. Mwen pat janm te wè l nan vi m. Bondye se yon Gerisè. Petèt se pa pou gerizon, se petèt pou yon lòt bagay, men si Bondye eksplike m sa ke pwoblèm ou ye, èske w va kwè m? Premye bagay ke w vle yo priye pou li, se, ou tande trè mal. Youn nan zòrèy ou yo, ou paka tande ladann. Se vre. Se verite. Epi ou gen yon movèz abitud, e ou vle debarase w de movèz abitud sa, se fimen sigarèt. Mete dwèt ou nan bon zòrèy ou a kounye a, dakò, bon zòrèy ou a. Dakò. Bon kwè Bondye e al fè wout ou, e pa . . . epi ou pap fimen ankenn lòt sigarèt si wap kwè. Ale, e ke Seyè a beni w.

Ou wè sa k rive. Èske Li pa reyèl?

¹⁴⁵ Mwen pa konnen w, nou etranje youn pou lòt. Mwen pa janm wè w nan vi m, men Bondye konnen w. Si Bondye ka di m kichòy konsènan ou, èske w va kwè?

¹⁴⁶ Èske tout moun kap tande yo va kwè? Èske gen yon moun laba a ki konnen dam nan? Èske gen yon moun nan oditwa a ki konnen dam nan? Dakò, w ap konn si sa se vre ou pa. Sa sipoze regle kesyon an. Sa sipoze deklare verite a.

¹⁴⁷ Bon ou ka wè sa ki sot rive jis nan dènye minit ki sot pase yo. Ou wè? Se jis . . . M ap kilbite. Ou wè? Se jis paske tout bagay

tounen koukouwouj pou mwen. Ou wè, Se disènan an. Ou wè, Se Sentespri a. Se pa mwen. Se Pawòl ki te pwomèt pou jodi a. Sa pat janm te fèt depi tan apot yo, sa pat janm te fèt. Men kèkpa sa te di: “Nan jis anvan Fis de lòm nan vini. Menm jan l te ye nan tan Lòt la, se konsa sa va ye lè Fis de lòm nan va vini.” Enkwayan yo pa kwè L. Nou pa atann nou ke yo pral kwè L. Men kwayan yo kwè L!

¹⁴⁸ Bon, si Sentespri a fè konnen sa, konbyen moun ki va kwè ak tout kè yo, ou va leve men w?

¹⁴⁹ Ou te gen yon gwo dega. Ou te gen yon aksidan machin, sa te deplase kèk zo vètebral nan kou w. Ou gen yon ren tou ki te deplase. Se vre, èske se pa sa? [Fanm nan di: “Wi, msye.”—Editè a.] Ou kwè? [“Wi, msye.”] Ou pral ale byen. Louwanj pou Seyè a.

¹⁵⁰ Ou kwè Bondye geri pwoblèm ren? Kifè avanse nèt ale e aksepte gerizon w.

¹⁵¹ Vini, madanm. Gade pa bò isi a. Ou kwè Bondye geri pwoblèm kè? Dakò, al fè wout ou e kwè, epi kè w va vin kòrèk.

¹⁵² Vin isit. Ou kwè Bondye ka geri do w, fè w ale byen? Avanse e kwè l konsa.

Jis kwè Bondye, se tout sa ou gen pou fè!

¹⁵³ Vini madanm. Ou kwè Bondye geri pwoblèm lestomak? Ale, manje soupe w, kwè ak tout kè w.

¹⁵⁴ Vini. Ou kwè Bondye ka geri atrit? Kifè ale, kwè, e fè. . . e Bondye va fè w ale byen.

¹⁵⁵ Dakò, vini. Ou kwè ak tout kè w? Ou kwè? Atrit, ankò. Èske w kwè ke Bondye ka fè w ale byen? Avanse, kwè sa, di: “Mèsi, Seyè.”

Konbyen deyò a la ki kwè? Èske w kwè?

¹⁵⁶ Dam sa ki chita la avèk yon wòb wouj sou li, k ap leve men l kounye a, l ap soufri ak tansyon ot. Ou kwè Bondye ka fè w ale byen? Ou kwè? Dakò. Poze men w sou dam sa ki tou pre w anba a la, e di l ke vwa l pral vin kòrèk. Amèn.

Men ni. Amèn. Èske w kwè? Gen lafwa!

¹⁵⁷ Men yon nonm ki chita la, ki gen yon emoraji. Èske w kwè, mesye, ki chita jis la? Wi, ou gen yon emoraji. Ou kwè ke sa pral geri?

¹⁵⁸ Dam ki akote w la gen emoraji tou, e li gen yon pwoblèm do. Ou kwè Bondye pral geri w? Ou kwè? Leve men w e aksepte l. Kwè.


¹⁵⁹ Dam sa a ki aprè w la gen pwoblèm ak janm li epi ak tay li. Èske w kwè ke sa se vre, madanm? Ou kwè ke ou pral geri? Enben, leve men w anlè, di: “Mwen aksepte l.”

¹⁶⁰ Dakò, dam ki aprè l la gen yon enfeksyon. Ou kwè ke Bondye pral geri enfeksyon an, jenn dam ak linèt la? Leve men w anlè, di: “Mwen aksepte l.” Trè byen, kwè l.

¹⁶¹ Dam ki aprè l la gen pwoblèm ren. Èske w kwè ke Bondye pral geri pwoblèm ren an, madanm? Trè byen, leve men w, aksepte l.

¹⁶² Ti pitit fi ki aprè l la gen yon boul gwat. Ou kwè ke Bondye pral geri boul gwat la la a? Leve men w, aksepte l.

¹⁶³ Konbyen moun ki kwè ak tout kè yo? Kifè leve kanpe sou pye w e aksepte l. Leve kanpe nan Prezans Bondye Abraham, Izarak e Jakòb nan.

¹⁶⁴ Nan Non Seyè Jezikri ke Sentepri a tonbe sou bilding nan kounye a pou geri chak moun nan Prezans Diven an! 

BONDYE SE ENTÈPRÈT PWÒP TÈT LI CRE64-0205
(God Is His Own Interpreter)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle yon mèkredi swa, 5 fevriye 1964, nan Kern County Fairgrounds nan Bakersfield, California, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org